

Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2019

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE Y AP BESE TRAVE FINAL ANSYEN PON TAPPAN ZEE A**

*Yo retire dènne senk seksyon an asye trave prensipal ki te nan ansyen Pon an*

*Yo plase yon trave soutyen alwès ki gen 600 pye longè, ki peze 5,500 tòn sou baj*

*Yon Videyo Peryòd Tan Operasyon Demontaj la Disponib [Isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse yo te retire seksyon final an asye nan ansyen Pon Tappan Zee. Retire dènne pyès sipè-estrikti ansyen pon an se yon lòt etap istorik nan pwojè pou konstwi Pon Gouvènè Mario M. Cuomo ki mezire 4.98 kilomèt, yon pasaj ikonik ki gen de vwa ki gen sipò kab ap lye konte Westchester ak Rockland sou Rivyè Hudson ki te konplètman ouvri pou sikilasyon ete pase. Trave soutyen alwès la ki gen 600 pye longè ak 5,500 tòn - ki se dènne trave ansyen pon an anlè dlo a - yo te bese li sou baj lè yo te itilize gwo veren pandan yon operasyon demontaj ki te kòmanse nan fen Jedi swa.

"Nouvo Pon Gouvènè Mario M. Cuomo an se yon lòt investisman san presedan nan enfrasitrikti transpò New York ki pral kontinye avanse ekonomi an nan Hudson Valley ak pi lwen", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Menm si li te sèvi Hudson Valley pandan plizyè deseni, ansyen Pon Tappan Zee an te finalman vini pou l senbolize enpas gouvènman ak yon mank vizyon. Jodi a, n ap investi nan enfrasitrikti modèn atravè Eta New York epi Pon Mario M. Cuomo an se ankò yon lòt ekzanp efò New York kòm lidè nasyon nan konstwi ak kouraj pou fiti an."

Lè li te ouvri an Desanm 1955, Pon Tappan Zee te vini pon ki pi long nan Eta New York epi yo te konsidere l kòm yon reyalizasyon jeni enpòtan. Se Emil H. Praeger ki te konsevwa li; Tappan Zee te premye pon pèmanan nan Etazini ki te sipòte pa, an pati, keson flotan. Konsepsyon keson sa te rann li posib pou konstwi pon an nan youn nan pwèn ki pi laj nan Rivyè Hudson lè li redwi chaj sou poto an asye ki ap sipòte trave prensipal la. Kòm lyen final nan sistèm 917 kilomèt Thruway Eta New York lan, Pon Tappan Zee te estimile kwasans ekonomik enpòtan nan alafwa konte Westchester ak Rockland. Anplis, Rockland te viv yon eksplozyon demografik.

Yo te konsevwa Pon Tappan Zee an originalman ak sis liy trafik ak yon liy medyan men akòz ogmantasyon sikilasyon, Otorite Thruway (Thruway Authority) te ajoute yon setyèm liy nan mwatye ane 1980 yo epi te enstale yon baryè depasab an 1992 pou kreye yon liy ekstra pou peryòd depwent nan maten ak aswè. An 1999, Otorite Thruway te konsidere ranplase Tappan Zee akòz anbouteyaj k ap ogmante, mentyen kontini ak pri reparasyon k ap monte. Malgre 430 rankont, 150 konsèp ak 88 milyon dola, pwojè

ranplasman an pat avanse nan fason konsekan nan yon deseni anba twa administrasyon.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, yo te chwazi yon nouvo pasaj a de branch ki te konstwi pou dire yon syèk pou ranplase Tappan Zee an 2011. Gouvènè Cuomo te entegre tout ansyen etid nan yon pwosesis revizyon global akselere epi te travay ak Lejislati a pou pase yon lwa istorik konsepsyon-konstriksyon.

Kòm yon pati nan konstriksyon Pon Gouvènè Mario M. Cuomo, konsepsyon-konstriktè Tappan Zee Constructors (TZC) t ap demonte Pon Tappan Zee.

Depi 2018, yo te retire senk seksyon man trave prensipal ki gen 2,415 pye nan ansyen Pon Tappan Zee atravè diferan operayson

- Bese sant trave prensipal ki gen 532 pye longè, ak 4,750 tòn ki te rive an Me 2018.
- Bese soutyen alès nan trave ki peze 6,500 tòn nan an Janvye 2019, lè yo te itilize chaj eksplozif. Ekspè nan sovtaaj maritim nan pwosesis pou retire materyèl nan Rivyè Hudson.
- Retire asye moso pa moso nan de seksyon an treyi kantileve ki rete yo ak gri ki baze sou baj.

TZC te transpòte soutyen trave alwès lan yo te resaman bese a lwen chantye a pou kontinye demonte l apremidi an.

Anplis, TZC ap travay ak ekspè sovetaaj maritim pou retire soutyen trave alès ansyen Pon Tappan Zee a nan Rivyè Hudson nan semèn k ap vini o. Y ap retire asye a ak asistans chèn, ki te anteryèman depoze sou li rivyè a, ki te kontekte ak baj pou soulve. Depi yo remonte nan nivo liy dlo a, baj pou soulve yo pral transfere asye a nan yon baj ki sibmèsib pou transpòte estrikti a soti nan lokal pwojè a.

Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a se premye pon ki sispandi ak kab ki pase sou Rivyè Hudson lan. Pon an gen ladan uit tou ki mezire 419 pye nan wotè ki kanpe nan yon ang senk degre, epi li gen yon total 192 kab sispansyon ki ka pakouri rive 23 kilomèt si yo ta kole yo bout pa bout. Yon pon sispandi a kab itilize kab an asye yo ranje nan yon ang pou konekte tabliye pon an ak tour vètikal ki etann byen wo sou wout la yo. Yo te itilize plis pase 220 milyon liv asye san pou san Ameriken nan konstwiksyon pon an. Anviwon 7,000 ouvriye te kontribye jiska jodia epi 11.5 milyon èdtan travay te konsakre nan pwojè sa a.

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway lan Matthew J. Driscoll te deklare,** "Ansyen Pon Tappan Zee te sèvi ak fyète otomobilis pandan plis pase sis deseni, men tan li an te vin pase. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, nouvo pon Gouvènè Mario M. Cuomo se yon pasaj modèn ki ofri fyabilite pou otomobilis ak konpayi egalman, lè li redwi anbouteyaj ak fasilite tan vwayaj ki pi fyab".

**Jamey Barbas, ki se Direktè Pwojè Nouvo Pon New York lan, te deklare,** "Bese dènye pyès nan sipè-estrikti nan ansyen pon Tappan Zee se yon senbòl istorik ak apwopriye pandan n ap travèse soti nan pase ale nan fiti. Gras ak vizyon Gouvènè

Cuomo, nouvo pon Gouvènè Mario M. Cuomo pami pasaj ki pi avanse teknolojikman nan nasyon an, li ofri espas konsakre pou bis, bisiklèt ak pyeton epi konstriksyon sifizaman solid pou resevwa tren banlye ant trave li yo".

Anba lòd Gouvènè Cuomo, Otorite Thruway Eta New York te jere pwojè ranplasman pon an depi 2013, epi li se pwopriyetè Pon Gouvènè Mario M. Cuomo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)